Fason pou kreye yon kont sou DTA Connect

Etap 1:

Ale sou DTAConnect.com oswa ouvri aplikasyon mobil DTA Connect la epi peze “Konekte.”

Si w pa resevwa okenn benefis DTA kounye a, ou kapab peze " Aplike pou Benefis" pou aplike.

Etap 2:

Si w deja gen yon kont sou DTA Connect, antre adrès imèl ou ak modpas ou, epi peze “Konekte.” Ou kapab ale dirèkteman nan etap 8 la pou makonnen kont ou an si w poko fè sa.

Si w pa deja gen yon kont sou DTA Connect, peze “Kreye yon kont” epi suiv etap ki vin annapre yo.

Etap 3:

Peze “Kontinye” pou pèmèt MyMassGov pataje enfòmasyon w yo avèk lòt ajans etatik yo. Sa gendwa fè w pèdi mwens tan nan lòt aplikasyon epi sa gendwa ede nou fè w jwenn plis benefis toujou.

Etap 4:

Antre adrès imèl ou epi peze “Voye Kòd Verifikasyon.” Pa bliye ki adrès imèl ou itilize pou kreye kont DTA Connect ou a. W ap bezwen li chak lè ou vle konekte sou DTA Connect.

Antre kòd verifikasyon ou te resevwa nan adrès imèl ou a epi peze “Verifye.”

Etap 5:

Antre prenon w ak non fanmi w epi peze “Kontinye.”

Etap 6:

Antre yon modpas sekirize selon enstriksyon ki parèt sou ekran an. Antre li yon lòt fwa ankò anba “Konfime nouvo modpas” epi peze “Kreye kont.” Pa bliye ki modpas ou itilize pou kreye kont DTA Connect ou a. W ap bezwen li chak lè ou vle konekte sou DTA Connect.

Etap 7:

Ou pral wè yon fenèt ki parèt ki di konsa: “Kreye Kont Enskripsyon Anliy ou an ak Siksè.”

Etap 8:

Pou itilize DTA connect, se pou ou konekte kont ou an ak dosye w. Pou fè sa, pale avèk yon anplwaye DTA an pèsòn nan yon biwo DTA oswa rele liy asistans DTA a.

Etap 9:

Apre ou pale avèk yon anplwaye DTA pou konekte kont ou an ak dosye w, konekte sou kont ou an. Peze “Konekte ak enfòmasyon DTA m yo” sou paj dakèy la. Apre sa, antre prenon w ak non fanmi w, dat

nesans ou ak nimewo idantifikasyon ajans DTA w la oswa nimewo kat EBT ou a. Apre sa, peze “Konekte.” Kounye a, ou kapab pwofite tout sa DTA Connect ofri!

Videyo